QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMINIŃ SH E SH I M I

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING Q A R O R I

2021 - yil 25 - noyabr 155-13-193-Q/21 Shomanay rayonı hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 15-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 11-noyabrdegi "Xalıqqa medicinalıq xızmet kórsetiwdiń sapasın jaqsılaw hám densawlıqtı saqlaw tarawında kadrlar potencialın jáne de asırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar tuwralı" PQ-6-sanlı qararı tuwralı» 151-13-0-Q/21-sanlı qararı haqqında**

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 15-noyabr kúngi 151-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

ShEShIM ETEMEN:

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 15-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 11-noyabrdegi "Xalıqqa medicinalıq xızmet kórsetiwdiń sapasın jaqsılaw hám densawlıqtı saqlaw tarawında kadrlar potencialın jáne de asırıwǵa tiyisli qosımsha ilajlar tuwralı" PQ-6-sanlı qararı tuwralı» 151-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın:

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı menen:

Mámleket rayon (qala) hám respublika medicina mákemeleriniń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hám kadrlar potencialın asırıw boyınsha "Jol kartası" qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

Belgilep qoyılsın:

Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri densawlıqtı saqlaw bólimleri menen birgelikte xatlaw ótkeriw tiykarında shólkemler kesiminde medicinalıq úskenelerge bolǵan mútajlikti anıqlaw hám de ssuda qarjları esabınan satıp alınatuǵan úskeneler dizimin Densawlıqtı saqlaw ministrligine kelisiw ushın kiritiw tapsırılǵanlıǵı;

Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri kelisilgen dizimge tiykar medicinalıq úskenelerdi satıp alatuǵınlıǵı;

Bunda, bul sawdaǵa "O'zmedimpeks" juwapkerligi sheklengen jámiyeti agent retinde qamrap alınıwı múmkin ekenligi;

medicinalıq úskenelerdi satıp alıw boyınsha tapsırmalar hám tender hújjetleri "Joybarlar hám import kontraktların kompleks ekspertiza qılıw orayı" mámleket unitar kárxanasında (keyingi orınlarda - Oray) kompleks ekspertizadan ótkeriletuǵınlıǵı;

Nókis qalası hám rayonlar hákimleri ajıratılatuǵın ssuda qarjlarınıń nátiyjeli hám maqsetli isletiliwi hám de waqıtında qaytarılıwına jeke juwapker esaplanatuǵınlıǵı;

shet elde ilmiy tájriybe asıratuǵın medicina xızmetkerleri dizimi Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi tárepinen tańlaw tiykarında qáliplestiredi hám de Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-maydaǵı PF-6221-san Pármanı menen shólkemlestirilgen Intalı hám maman medicina qánigelerin qollap-quwatlaw hám de medicina mákemelerine qamırap alıw boyınsha isshi toparına belgilengen tártipte tastıyıqlaw ushın kiritiletuǵınlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Rayonlıq medicina birlespesiniń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew hám kadrlar potencialın asırıw boyınsha "Jol kartası" qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Belgilep qoyılsın:

Rayon hákimi orınbasarı (Qaypnazarov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev) menen birgelikte xatlaw ótkeriw tiykarında medicinalıq úskenelerge bolǵan mútajlikti anıqlaw hám de ssuda qarjları esabınan satıp alınatuǵan úskeneler dizimin Densawlıqtı saqlaw ministrligine kelisiw ushın kiritiw tapsırılsın.

medicinalıq úskenelerdi satıp alıw boyınsha tapsırmalar hám tender hújjetleri "Joybarlar hám import kontraktların kompleks ekspertiza qılıw orayı" mámleket unitar kárxanasında kompleks ekspertizadan ótkeriw boyınsha usınıs tayarlasın.

5. Rayon hákiminiń orınbasarları (Kaljanov, Qaypnazarov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev)

ajıratılatuǵın ssuda qarjlarınıń nátiyjeli hám maqsetli isletiliwi hám de waqıtında qaytarılıwına jeke juwapker esaplansın.

6. Rayon hákimi orınbasarı (Qaypnazarov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev) menen birgelikte shet elde ilmiy tájriybe asıratuǵın medicina xızmetkerleri dizimin usınıw tapsırılsın.

7. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń orınbasarı A.Qaypnazarovqa júklensin.

**Hákim** **B.Yangibaev**

Шоманай туман ҳокимининг
2021 йил 25 ноябрдаги
155-13-193-Q/21-сон қарорига
1-илова

**Shomanay rayonındağı medicina mákemeleriniń materiallıq-texnikalıqa bazasın bekkemlew hám kadrlar potencialın asırıw boyınsha**

**JOL KARTASÍ**

| № | Ilajlar atı | Ámelge asırıw mexanizmi | Orınlaw múddeti | Juwapkerler |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Rayonlıq medicina mákemeleri ushın zamanagóy medicinalıq úskeneler satıp alıw hám de shet el medicinalıq mákemelerde olardıń qánigeleri mamanlıǵın asırıw ushın byudjet ssudaların ajıratıw. | Ssuda shártnaması | Talapnamalarǵa tiykar | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 2. | Rayonlıq medicina mákemeleri ushın talap joqarı bolǵan tiykarǵı túrdegi medicinalıq úskeneler dizimin qáliplestiriw. | Dizim | 2021-jıl 5-dekabrge shekem | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| **3.** | Rayonlıq medicina mákemelerindegi ámeldegi medicinalıq úskenelerdi xatlawdan ótkeriw hám olardan paydalanıw dárejesin úyreniw. Bunda, xalıq aralıq finans shólkemleri, Mámleket byudjeti hám basqa derekler esabınan satıp alınǵan zat etiliwi názerde tutılǵan medicinalıq úskeneler inabatqa alınadı. | Shólkemlestirilgen Is-ilajlar | 2022-jıl 15-yanvarǵa shekem | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 4. | Xatlaw nátiyjeleri tiykarında medicina mákemeleri kesiminde:<br>1) birinshi náwbettegi talap joqarı bolǵan medicinalıq úskenelerge bolǵan talaptı anıqlaw ;<br>2) qosımsha medicinalıq úskenelerge bolǵan talaptı qáliplestiriw. | Rayon kesiminde satıp alınǵan zat etiletuǵın medicinalıq úskeneler dizimi | 2021-jıl 15-dekabrge shekem Talapǵa kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 5. | Ssuda esabınan satıp alınatuǵın medicinalıq úskenelerge bolǵan talaptı Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen kelisiw.<br>Bunda, aymaqlardaǵı xalıqtıń keselleniw kórsetkishleri hám de medicinalıq úskenelerdiń texnikalıq parametrleri inabatqa alınadı. | Den sawlıqtı saqlaw ministrligi juwmaǵı (Kelisim xati) | 2022-jıl 1-yanvarǵa shekem dáslepki juwmaq tiykarında, keyinirek shártlesiwge tiykarınan тийкарынан | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 6 | Medicinalıq úskenelerdi satıp alıw boyınsha texnikalıq tapsırma hám tender hújjetlerin kompleks ekspertizadan ótkeriw ushın usınıw. | "Joybarlar hám import kontraktlarini kompleks ekspertiza qılıw orayi" DUK juwmaǵı | Hújjetler usınıs etilgen kúnden keyin 7 kún ishinde | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 7 | Zárúr medicinalıq úskenelerdi satıp alıw, olardan paydalanıwdı úyretiw hám remontlaw boyınsha tender sawdaların ótkeriw hám de shártnamalar dúziw:<br>1) birinshi náwbettegi talap joqarı bolǵan medicinalıq úskeneler dizimi boyınsha jetkizip beriw shártnamaların dúziw;<br>2) qosımsha talap etiletuǵın medicinalıq úskenelerdi jetkizip beriw shártnamaların dúziw. | Shártnamalar | 2022-jıl 15-fevralǵa shekem Talapǵa kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 8 | Zárúr medicinalıq úskenelerdi jetkizip beriw shártnamaları sheńberinde jetkizip beretuǵın shólkemler tárepinen qánigeler ushın oqıw seminarların shólkemlestiriw. | Oqıw seminarları | Shártnamalarda kórsetilgen múddetlerge kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 9 | Shet el medicinalıq tálim, ilimiy hám basqa mákemeler menen bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka otew boyınsha sheriklikti rawajlandırıw.<br>Bunda, usı shólkemlerdiń bilimlerdi jetilistiriw boyınsha potencialın úyreniw, stajirovka múddetleri hám shártlerin hám de qabıl etiletuǵın qánigeler sanın anıqlaw, ózara kelisiw hám kelisimlerge erisiw. | Memorandum hám shártnamalar | 2022-jıl 15-yanvarǵa shekem | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 10 | Bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka otew ushın aymaqlarda tańlaw járiyalaw hám ótkeriw:<br>dáslepki dizimdi qáliplestiriw;<br>qosımsha talapǵa kóre jańa dizimlerdi qáliplestirip barıw. | Dizim | 2021-jıl<br>1-25-dekabr<br>Talapǵa kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 11 | Qáliplestirilgen dizim tiykarında bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka otew ushın etakchi shet el medicinalıq tálim,<br>ilimiy hám basqa mákemeler menen shártnamalar dúziw:<br>qáliplestirilgen dáslepki dizim boyınsha gruppanı 2022-jıl<br>15-fevralǵa shekem bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovkaga jiberiw;<br>qáliplestiretuǵın qosımsha dizim boyınsha gruppalardı jiberiw. | Shártnamalar | 2022-jıl<br>1-fevralǵa shekem<br>Talapǵa kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 12 | Bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka otew ushın etakchi shet el medicinalıq tálim, ilimiy hám basqa mákemeler menen tuwrıdan-tuwrı dúzilgen shártnamalardı kompleks ekspertizadan ótkeriw ushın usınıw. | “Joybarlar hám import kontraktlarini kompleks ekspertiza qılıw orayi” DUK juwmaǵı | Hújjetler usınıs etilgen kúnden keyin 7 kún ishinde | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 13 | Shet elde bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka otew ushın jiberiletuǵın qánigeler menen jumıs penenberetuǵın ortasında bilimlerdi jetilistiriw hám stajirovka o'taganidan keyin keminde 2 jıl islep beriw boyınsha shártnama dúziw. | Shártnamalar | 2022-jıl<br>15-yanvarǵa shekem | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |
| 14 | Shet elde mamanlıǵın asırǵan<br>hám stajirovkadan ótken qánigelerdiń bilim hám kónlikpelerin ámeliyatqa engiziw, olar qatnasıwında uqıp sabaqları,<br>vebinarlar hám basqa ilajlar shólkemlestiriw. | Oqıw programmalar | Shártnamalarǵa kóre | Rayon hákimligi (Qaypnazarov), Finans bólimi (Jarılkaganov), Medicina birlespesi (Adakaev) |